2926 Lone Pine Road
Palm Beach Gardens
ddee.palmbeachschools.org

OFFICE
561-366-6000

FAX
561-366-6050

Debbie Battles
PRINCIPAL

Maureen Grosvenor
ASSISTANT PRINCIPAL
TITLE I CONTACT

Christian Marchica
DEAN

Darla Paulena
TITLE I PARENT & FAMILY
ENGAGEMENT CONTACT

Rezime Plan pou Patisipasyon Paran ak Fanmi (PFEP) 2026-2027

Deklarasyon Misyon Lekòl Dwight D. Eisenhower K-8 (DDE K-8) fè tout efò li pou kenbe patenarya solid ak paran yo ak fanmi yo atravè kominikasyon efikas, sipò ak resous, fòmasyon, pran desizyon, epi ankouraje fanmi yo pou yo patisipe aktivman nan edikasyon pitit yo.

Reyinyon Anyèl Tit I Yo envite paran yo pou yo asiste reyinyon sa a nan kòmansman ane lekòl la pou yo aprann plis sou Pwogram Tit I nou an pou tout lekòl la ak egzijans Tit I yo. Reyinyon nou an ap fèt **madi 6 oktòb 2026 a 5:00 p.m. nan Sant Medya a (Media Center)**. Tout paran yo byenveni. Tanpri fè nou konnen si ou bezwen nenpòt sipò, tankou tradiksyon oswa aksè.

Pran Desizyon Ansanm Yo pral envite fanmi yo nan plizyè reyinyon ak evènman pandan tout ane a pou yo resevwa enfòmasyon akademik, rapò, epi bay opinyon yo sou fason lekòl la, fanmi yo ak elèv yo ka pataje responsablite pou siksè elèv yo. Nou espere w ap jwenn nou nan reyinyon Konsèy Konsiltatif Lekòl la (SAC) (premye madi chak mwa a 6:00 p.m.), rankont ant paran ak pwofesè, reyinyon Tit I, fòmasyon pou paran, ak evènman lekòl yo.

Fòmasyon pou Patisipasyon Paran ak Fanmi Dapre sijesyon fanmi nou yo ak anplwaye nou yo ane pase a, nou pral ofri aktivite sa yo pou ede fanmi yo konprann siksè akademik pitit yo epi sipòte aprantisaj lakay yo:

- **Sware Amizman ak STEAM (FUN with STEAM Night):** Nou pral fè patenarya ak Sant Syans Cox (Cox Science Center) pou nou ofri yon Sware Syans, Teknoloji, Jeni, ak Matematik (STEAM) pou ogmante patisipasyon paran ak elèv yo ak konpreyansyon yo genyen sou konsèp syantifik yo. Evènman sa a pwograme pou **15 septanm 2026**.
- **Dejene ak Liv ak yon Modèl (Breakfast & Books with a Role Model):** Elèv yo ak modèl yo pral li epi diskite sou liv ansanm pandan y ap pran dejene. Rechèch yo sipòte enpak pozitif yon modèl gason genyen sou siksè elèv yo. Granmoun yo pral aprann estrateji pou yo li pou pitit yo ak avèk yo, ansanm ak fason pou yo fè konvèsasyon anvan, pandan ak apre lekti a. Evènman sa a pwograme pou mwa **janvye** pou li aliyen ak Semèn Selebrasyon Alfabetizasyon nan Florid (Celebrate Literacy Week, FL)!
- **All Pro Dads:** Òganizasyon nasyonal edikatif ak charitab sa a pral louvri yon branch (Chapter) nan DDE. Yon fwa pa mwa, papa yo ka vini nan DDE pou yo patisipe nan konvèsasyon ak aktivite ki gen sans ak pitit yo, ki konsantre sou devlopman karaktè. Evènman sa yo ap fèt yon fwa pa mwa.

Kominikasyon ant Lekòl ak Lakay Dapre opinyon nou te bay, nou pral ofri dat ak lè reyinyon ki fleksib pou nou ka adapte nou ak orè travay yo chak fwa sa posib. Nou pral kominike tou regilyèman epi nan moman apwopriye lè nou sèvi ak plizyè mwayen tankou sitwèb lekòl nou an, medya sosyal, imèl, apèl telefòn, feyè ak lèt nou voye lakay nan

GREEN SCHOOL OF EXCELLENCE
ENVIRONMENTAL SCIENCE & FIELD RESEARCH CHOICE PROGRAM

bwat dosye pitit ou a (Take-Home folder), nòt nan ajanda elèv yo, ak rapò akademik yo.
Nou sèvi ak platfòm mesaj pou tout lekòl la, *Messages XR*, pou nou voye apèl telefòn, imèl, ak mesaj tèks. Tanpri asire w nou gen nimewo telefòn ak imèl ki pi resan ou an nan dosye SIS la pou w ka resevwa kominikasyon sa yo pou tout lekòl la. Si w remake kominikasyon yo pa rive lakay ou, tanpri fè nou konnen.

Aksesibilite (Aksè pou Tout Moun) Nou ankouraje tout fanmi yo pou yo asiste reyinyon ak evènman yo. Nou bay dokiman tradui, mesaj nimerik, entèprèt, tradiktè, espas reyinyon ki aksesib, ak plizyè jou ak lè pou reyinyon, san bliye opsyon vityèl lè yo disponib. Tanpri fè nou konnen si ou bezwen lòt asistans. Nou vle pou tout fanmi yo patisipe nan edikasyon pitit yo!

Volontarya (Travay Volontè) Nou ankouraje fanmi yo pou yo fè volontarya nan lekòl nou an pou ede elèv yo ak pwofesè yo reyisi. Òganizasyon Paran-Pwofesè (PTO) nou an ap chèche paran pou rantre ladan l! Tanpri kontakte ddek8.pto@gmail.com.

Mèsi pou patenarya nou pou ogmante siksè elèv yo!

GREEN SCHOOL OF EXCELLENCE
ENVIRONMENTAL SCIENCE
& FIELD RESEARCH CHOICE PROGRAM